



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON K AP AGRANDI PWOTEKSYON KONT DISKRIMINASYON LWA SOU DWA IMEN YO POU ENKLI ENSTITISYON EDIKATIF KI GEN BI LIKRATIF YO

Lejislasyon (S.7151/A.7390) elaji definisyon 'Enstitisyon Edikatif' nan Lwa sou Dwa Imen an pou pwoteje elèv yo ki fè pati fakilte, inivèsite, lekòl karyè ak lekòl Angle kòm yon dezyèm lang ki gen bi likratif yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.7151/A.7390) ki elaji pwoteksyon kont diskriminasyon Lwa sou Dwa Imen an pou enkli fakilte, inivèsite, lekòl karyè ak lekòl Angle kòm yon dezyèm lang ki gen bi likratif yo nan mete ajou definisyon yon 'enstitisyon edikatif' ki kouvri.

"Chak elèv nan New York merite chans pou aprann san pote fado asèlman ak diskriminasyon nan salklas ki pa akseptab", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lejislasyon sa a rann li trè klè ke nou gen zewo tolerans pou diskriminasyon oswa asèlman nan otan lekòl ak enstitisyon edikatif nan New York nan mezi sa posib".

Pandan plizyè deseni, Divizyon Dwa Imen an te aksepte, envestige ak jije plent diskriminasyon yo pou elèv lekòl segondè ak inivèsite piblik ak prive yo. Sepandan, pwoteksyon sa a pa te enkli elèv ki nan fakilte ak inivèsite ki gen bi likratif yo nan eta a, jiskaprezan.

Nan deklare dispozisyon Lwa sou Dwa Imen an aplike pou fakilte, inivèsite, lekòl karyè ak lekòl Angle kòm yon dezyèm lang ki gen bi likratif yo, mete avèk enstitisyon piblik ak prive san bi likratif yo, Eta New York pral asire elèv yo jwenn pwoteksyon legal kont diskriminasyon.

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Diskriminasyon ak asèlman pa gen plas nan lekòl nou yo. Lejislasyon bon sans sa a amande lwa aktyèl la pou ede pwoteje tout elèv New York yo, nan enstitisyon piblik ak prive nou yo. Elèv nou yo merite yon anviwònman san danje pou yo etidye ak lapè nan lespri pou konnen yo pwoteje kont entolerans ak move tretman".

Manm Asanble Jaime Williams te deklare, "Tout Nouyòkè yo ta dwe kapab ale nan nenpòt lekòl san yo pa gen pou pè diskriminasyon oswa asèlman, epi nan mezi elèv yo

sibi asèlman oswa entimidasyon nan lekòl, rekou ta dwe disponib pou yo nan kad Lwa sou Dwa Imen Eta New York la".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418